

**Date** : May 15, 2014

**Nimewo Pwogram Nan** : 0946

**Tit Pwogram Nan** : Ebre 1:1-2

Mwen kontan resevwa w' nan etid Biblik Atravè Labib. Pasaj nou se Ebre 1:1, 2.

Annou priye Bondye.

N'ap envite W' Senyè pran plas ou nan pwogram jodia. Beni nou e kite nou rete nan volonte W'. Se nan non Bondye Pitit la, Pawòl ki te tounen moun nan nou priye W', amèn.

Ou byenvini nan etid la n'ap wè jodia Ebre 1:1,2.

## **EBRE CHAPIT 1E**

**TEM:** Kris Siperyè Pase Pwofèt yo, Kris Siperyè Pase Zanj yo

Premye gran seksyon epit Ebre a se yon doktrinal. Premye dis chapit yo revele Kris siperyè pase ekonomi Ansyen Testaman an. Dezyèm e dènye seksyon liv la, sa nou ta rele dezyèm mitan an, se yon seksyon pratik. Li montre Kris la jenere yon pi gran pwofi ak responsablite. An pasan n'ap fè w' remake se menm fòm sa a apot Pòl itilize nan lòt epit li yo. Li separe liv yo de: yon seksyon doktrinal e yon seksyon pratik. Men m' si m' konnen toujou gen diskisyon sou sa dapre mwen gen tout yon kantite prèv tanjib, prèv entèn e ekstèn ki demontre se apot Pòl ki te ekri lèt Ebre a.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Byenke m' pa ka twò dogmatik sou idantifikasyon otè lèt Ebre, m' kapab yon lòt bò trè dògmatik pou m' di nou annafè isit la ak Pawòl enspire Bondye a, e ke se Lespri Bondye a menm ki bannou pawòl sa yo. Kòm nou konnen pou sèten se Lespri Sen an ki vrè otè lèt Ebre, kesyon otè imen ak dat li te ekri a vin pa gen twòp enpòtans ankò. Epit Ebre a se yonn nan pi gran epit yo ki gen nan Pawòl Bondye a. E se pa enteresan non, si w' tande m' di w' m' pa santi m' diy ou konpetan sa pou prezante yon tèl seri etid. Se yonn nan rezon kifè m' te sede plas mwen bay kat ekselan ekspozitè bibliik pou fè entwodiksyon lèt Ebre a pou nou. Kòmanse nan kat ang diferan yo tout rive nan menm kalfou a, nan menm pwen entèseksyon an pou mete tout aksan sou pèsonn Kris la. Pakonsekan, tankou nou jwenn sa nan Jan 16:12-15, m' reklame pwomès Senyè Jezi a kote L' di lè Lespri Bondye a va vini, Li va pran bagay Kris yo e montre nou yo.

Nou bezwen sonje se kwayan Ebre yo, ki kanpe nan kalfou de gran dispansasyon, y'ap adrese nan epit sa a. Dispansasyon Lalwa a te rive nan bout li. Sakrifis yo nan tanp lan ki anvansa te tèlman siyifikatif vin pèdi tou sans yo. Tankou epit Ebre a demontre si klèman, sa anvan sa Bondye te rekòmande a vin tounen yon peche pou kretyen an ta pratike jodia. Se kwayan Ebre a y'ap adrese nan lèt Ebre a, byenke nòmalman ansèyman l' yo valab pou tout kretyen nan tout epòk. Yo trè enpòtan pou mwen menm avè w' jodia. Men an menmtan, nou bezwen kenbe nan tèt nou se a kretyen Ebre a an premye yo te adrese lèt sa a. Pa egzanp, lè nou di Kris siperyè pase pwofèt yo enben sa gen yon enpòtans e yon siyifikasyon patikilye pou Jwif la. Paske kontrèman a nou menm nosyon "pwofèt" la antre nan relijyon, nan kilti e nan istwa yo.

## **KRIS SIPERYE PASE PWOFFET YO**

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

Ebre 1:1 *Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l' te ka pale ak zansèt nou yo.*

Vèsè 1e a e lèt Ebre a an jeneral kòmanse avèk non Bondye. Vèsyon nou an di: Nan tan Lontan, Bondye te mete... Men n' ta ka di tou: Bondye, nan tan lontan, te mete... Donk vèsè a e liv la an jeneral kòmanse avèk non Bondye. Lèt Ebre a, anfèt, repoze sou sèten prensip byen defini. Lè w'ap etidye Jeometri, pa egzantp, ou bezwen kòmanse ak sèten aksyòm, sèten règ pou ede w' nan rezònman an sankwa w'ap pase tout jounnen an ap make pa sou plas ou pap janm rive okenn solisyon. Si pa egzantp ou ta di bon: tout moun di sa men mwen menm m' pa dakò de plis de egal 4, enben w' ta mèt tou kite sa paske se nan telivzyon sèlman ou ta wè syans yo rele matematik la ap pase. Gen yon lòt aksyòm ki di: Yon liy dwat se distans ki pi kout ki genyen ant de pwen. Sa se bagay tout moun asepte, prèv alapwi. Kifè depi w' fin etabli fè ou pa bezwen rete sou li ankò ou ka kontinye avanse ak rezònman an. Konsa, nan liv Ebre a, menmjan sa vre pou liv Jenèz la, yo pa menm pèdi tan eseye pwouve Bondye egziste. Tou de liv yo repoze sou konfimasyon Bondye egziste. Yo te deja pwouve aksyòm nan pa gen kesyon sou li ankò donk ou ka sèlman di "Bondye", paske diskisyon eske Bondye egziste a deja fini avèk prèv alapwi e konklizyon wi, Bondye egziste. Ou ka wè Bib la pa janm chache pwouve egzistans Bondye. Jodia, gen kou nan plizyè seminè k'ap chache konstwi yon teori filozofik kèlkonk pou eseye pwouve egzistans Bondye. M' te pase nan kèk kou konsa, donk ou mèt kwè m' lè m' di w' sa se yon tan pèdi. Si w' pa ka soti deyò a voye je w' gade mòn yo, oubyen rive bò rivaj la voye je gade lanmè a, ou ankò leve je w' anlè gade syèl la pou wè wè anprent dijital Kreyatè a enben ou mèt si gen yon bagay ki pa nòminal nan ou. Sòm 19:1 di: "*Syèl la fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l'.*" Zanmi, si

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

linivè kreye a pa revele w' anyen sou Kreyatè a, enben gen yon bagay drastikman anòmal nan fason w' panse a. Tankou nou li nan Sòm 14: 1: "*Moun fou yo di nan kè yo: Pa gen Bondye.* " Alò si w' tande yon moun di pa gen Bondye, se pastè Storly ki di l' non men se Bib la: moun sa a pèdi yon fèy!

Dezyèm "presipozisyon" ou ankò dezyèm aksyòm nou jwenn nan premye vèsè lèt Ebre a sèke Bondye pale. Sa demontre Bondye se yon Et entelijan e L' fè lòm favè ba l' yon ti lòsyè konpreyansyon, si n' potko resevwa yon revelasyon nan men L' enben m' sikjere n' ret tann li. Sa tou senpleman fè sans pou Kreyatè a ta adrese nou yon mesaj. Enben, zanmi, Bondye te kominike ak nou. E revelasyon nou genyen an se Pawòl enspire Bondye a. Premye pawòl yo nan lèt Ebre a konfime se nan Bondye menm esans Bib nou genyen an soti. Revelasyon l'ap pale de li a se Revelasyon seksyon Ansyen Testaman Bib la nan fason nou genyen l' jodia.

Gen moun ki panse Pòl pa ta ka ekri lèt Ebre a paske l' ekri nan yon Grèk twò rafine. Fòk se yon moun ki te maton nan lang Grèk la ki pou ta ekri l' byen konsa. Anfèt, akòz tradiksyon, nou pèdi anpil nan bote ak elastisite langaj orijinal la. Pa egzanp menm isit la nan sèlman premye vèsè liv la yo fè yon ekselan je de mo avèk de mo diferan. Mo yo twadwi pa "divès okazyon" nan lang Grèk la se *polumeros*, e mo pou "divès jan" an se *polutropos*. Alò m' ka pa ka demontre sa twò byen men kanmenm eske w' pa santi jan konbinezon de mo sa yo byen balanse: *Polumeros*, *polutropos*. Ou ta di se yon ti flannè lontan k'ap fè vè. Men sa plis ke yon bèl esktrikti fonetik ou gramatikal se an menm laverite, yon kòkennchenn deklarasyon.

"Divès okazyon" pa eksprime nosyon tan nan fason nou panse l' la. Anfaz la sèke Bondye te pale atravè Moyiz, men anvan sa L' te pale ak Abraram. Sanble l' te pale ak Abraram nan rèv e pa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

mwayen zanj Bondye L' te voye kote l' la, men lè L' te pale ak Abraram, Li pa t' di l' sa L' t'apral di Moyiz. Anfèt Bondye pa t' di Abraram anyen ditou sou Lalwa. Li pa ba l' Dis Kòmandman yo, men pito Bondye t'apral Moyiz Dis Kòmandman. Avanse pita Bondye te di David t'apral gen yon Wa, Sovè a, ki va soti nan fanmi l'. E lè David te fin ti granmoun li te di gen yon Wa k'ap vini ki va soti nan liye fanmi l', e se menm Wa sa ki va Sovè li tou. Bondye pa t' bay Moyiz enfòmasyon sa. Ni L' pa t' bay Abraram li. O kontrè Bondye te bay Moyiz yon lwa ki te defann pèp Izrayèl la gen yon wa terès paske se Bondye menm ki pou ta wa yo. Men kòm se Bondye k' fè nou, Li deja twò byen konnen san ki nan lòm e rive yon lè Izrayèl te gen foli gen yon wa imen tankou tout lòt pèp ki te anviwonnen l' yo. Se remakab pou n' wè jan Bondye te aji nan yon moman parèy. Li ba yo sa yo te mande a, malgre L' konnen sa t'apral konsime nanm yo. Li itilize sa kòm yon estrateji pou voye Mesi a, Sovè a, nan monn nan. Ebre 1:1 di nou Bondye pa t' revele Abraram totalite mesaj Li te gen pou lòm, men L' te ajoute sou li e avèk letan bay plizyè moun pote moso pa yo. Epi lè lè a te rive, nan tan ki te rezève pou sa a, Bondye te voye Pitit Li a. Te gen yon devlopman ki t'ap fèt nan verite bibliik yo.

"Divès jan" vle di Bondye te itilize pilizyè fason pou komokine volonte L'. Li te parèt nan rèv devan Abraram, Li pale nan Lalwa, Li pale pa mwayen tip yo, Li pale nan rit yo, Li pale nan listwa, Li pale nan pwezi e L' pale nan pwofesi. Li sèvi divès fason pandan yon bon bout tan, itilize plis pase karant senk otè e pale pandan plis pase mil senksan lanne. Sèl nan premye vèsè a otè lèt Ebre a deja ap di nou anpil bèl bagay.

Eske w' jan m' pran yon ti tan reflechi divèsite otè yo ase deja rann Bib la yon liv remakab? Nan nivo imen, nou konnen èv Shakespeare yo ase remakab, men se sèl Shakespeare ki te ekri yo. Poutan, Bondye te sèvi plizyè otè imen pou ekri Bib la. Li te itilize moun ak kapasite e aryè plan diferan. Yonn nan yon, Simon

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Pyè pa t' twò kale nan lang Grèk la men m' pa pral twò kritike l' non paske malgre te pase nevan ap etidye Grèk m' poko prèt pou rive nan nivo l'. Men Bondye, malgre tou, te itilize Simon Pyè. Otèt lèt Ebre a (ke m' kwè ki se apot Pòl) te maton nan lang Grèk la. Lè Pòl te ekri kreyen lavil Galat avèk lavil Korent yo, li te tèlman byen eksprime l' li te rive touche maleng lan ak dwèt li. Li te pale menm langaj ak moun yo, langaj yo itilize nan galèt la ou pami ti machann yo nan mache a. Men ak tou sa lèt li ekri moun Ebre yo se yon chedèv.

Ooo, epit la louvri an gran jan: Bondye! Li pa mete anyen anvan sa pou eseye pwouve egzistans Li. Si w' nye egzistans Bondye pwoblèm nan se nan ou se pa nan Bondye. Gen yon pakèt moun piti ak ti diplòm e ti dòktora yo anba bwa yo ki pretann di Bondye pa egziste. Men m'ap mande sa yo panse yo ye? Si w' ta ka pran yonn nan ti bagay piti sa yo mete kanpe bò kot Bondye ou tan konprann atò pouki Bondye pa pèdi tan L' pwouve ki moun Li ye. Si yon moun va gen pou l' pwoche kote Bondye li bezwen anvan tout bagay konnen ke Bondye egziste.

" ... *Pou l' te ka pale ak zansèt nou yo.*" Sou ki zansèt nou yo y'ap pale la a? Zansèt sa yo se: Abraram, Izarak, Jakòb, Jozye, Moyiz, David, Ezayi elatriye. Evidamman se pou gwoup moun sa yo ki ka rele Abraram, Izarak ak Jakòb grann papa yo yo te ekri lèt sa a e se egzakteman pou sa yo rele lèt la *Ebre*. Men nou konnen Bondye tou se Bondye moun lòt nasyon yo, e nou dwe trè rekonesan pou sa!

" *Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo.*" Yon pwofèt se yon moun ki pale nan non Bondye, e kòm se pawòl Bondye l'ap pale li kapab anonse kèk bagay ki gen pou rive pi devan, nan tan k'ap vini yo. Bondye te pale atravè plizyè moun ki te pwofèt, e se te moun ekstraòdinè ak yon mesaj ekstraòdinè. Se tout moun sa yo rasanble ansanm ki fòme Ansyen Testaman an, men plis nou ka

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

di sou yo se yon ti goute ase yo te bannou sou revalasyon Bondye a, revelasyon yo a pa t' konplè.

Men kounyea nou va wè Bondye te pale finalman, totalman, kòrèkteman e veridikman nan Pitit la.

Ebre 1:2 *Men, nan dènye jou sa yo, se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li. Se ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt.*

Kounyea Bondye pale finalman atravè Pitit Li a, literalman "Li pale ak nou nan Pitit la." Oswa tankou Dr. Westcott di l' la "Bondye te pale ak nou nan moun sa a ki gen karaktè yon Pitit." Bondye te pale atravè Pitit Li. Si Bondye ta deside kanpe nan syèl la kounyea menm pou pale ak nou, Li pa ta va di nou anyen nèt, Li ta sèlman repete sa L' te deja di yo paske Bondye fin di tou sa L' te gen pou L' di nan Jezikri.

" *Men, nan dènye jou sa yo, se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou...*" Mo "ak nou" an vrèman enpòtan isit la, paske l' endike se ak menm Bondye t'ap pale anvan sa nan Ansyen Testman an atravè pwofèt yo L'ap la a tou, sa vle di kwayan Ebre yo. Petèt ou sonje Bondye Papa a te pale nan syèl la nan Matye 17:5 pou di: " *... Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li.* " Donk kòm Papa a deja fin di dènye mo L' nan Pitit la, sa konstitiye dènye mo pou mwen avè w' tou. Se Pitit la ki kanpe devan nou jodia.

" *... Se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou...*" Konsa nou ka di Kris siperyè pase otè Ansyen Testaman yo, paske se nan Kris revelasyon an jwenn akonplisman total li. Senyè Jezi akonpli tout Ansyen Testaman an e Li menm an pèsòn reprezante e bay

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

lòm dènye pawòl Bondye. Tankou Senyè Jezi te di sa Li menm pandan l' t'ap viv sou latè, dapre Jan 16:15: " ... *Se poutèt sa mwen di nou la pran [sa vle di Lespri Sen an] sa ki pou mwen pou l' fè nou konnen yo.* " Donk Lespri Sen an pale atravè Jan e Jak e Dr. Lik e Pòl e Pyè e lòt otè Nouvo Testaman yo, pou bannou totalite revelasyon Bondye a.

Se avèk bèl verite sa a n'ap mete yon bout nan pwogram jodia. Mwen vle remèsye w' dèske w' te pase moman sa a ak nou e n'ap kite w' nan prezans Bondye ki gen tout pouvwa a!